



# Machaswiv pou Anprent dwèt yo

## Ki etap mwen dwe swiv pou pran anprent dwèt yo?

1. Li *Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon* an ak anpil atansyon epi ranpli fòm lan.
2. Fakse oswa voye pa imèl ba Responsab Ka a *Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon* ki ranpli a ak yon kopi ID ou ki gen foto. Si ou pa kapab fakse oswa imèl dokiman yo, tanpri voye yo pa lapòs eksprès oswa priyorite byen vit dèke sa posib.
3. Apre ou fin soumèt *Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon* an, Responsab Ka a fè aranjman pou yon sesyon pou pran anprent dwèt pou ou, oswa l ap ba ou enfòmasyon pou kontakte sit anprent dwèt ki deziyen an pou ou ka pran randevou oumenm. Si ou pa kapab vwayaje al nan sit anprent dwèt deziyen an, ou dwe pale avèk Responsab Ka ou an sou opsyon pou bay de seri kat anprent dwèt sou papye.
4. Ale nan sesyon anprent dwèt ou an nan lè ki prevwa a nan sit anprent dwèt deziyen an. Tanpri konnen ke ORR PA OFRI sèvis anprent dwèt pou esponsò nan katye jeneral ORR lan. Sèvis pou anprent dwèt yo disponib nan sit anprent dwèt deziyen an sèlman.
5. Kontakte Responsab Ka a apre ou fin ale nan sesyon anprent dwèt ou a pou fè l konnen ou te fè anprent yo. Responsab Ka a ka gen plis machaswiv pou ou swiv pou ou fini ak lòt aspè nan verifikasyon vi pase ou an.

## Èske mwen dwe peye yon frè pou pran anprent yo?

Pa gen okenn frè si yo pran anprent ou nan yon sit anprent dwèt deziyen. Si ou pa pran anprent dwèt ou nan yon sit ki deziyen pou anprent dwèt, lè sa, ka gen yon frè.

## Kòman pou m konsilte rezilta verifikasyon vi pase anprent dwèt mwen an?

Pou egzamine rezilta verifikasyon vi pase anprent dwèt FBI yo, voye yon demann bay Responsab Ka timoun lan. Ou ka kontakte Sant Dapèl Nasyonal ORR tou pou jwenn èd nan (800)203-7001 oswa pa imèl nan [information@ORRNCC.com](mailto:information@ORRNCC.com).

## Si rezilta verifikasyon vi pase anprent dwèt yo pa bon, èske mwen ka konteste rezilta yo?

Wi. Si yon esponsò, yon moun granmoun nan fwaye a, oswa yon responsab swen granmoun yo idantifye nan yon plan swen pou esponsò, kwè rezilta verifikasyon kriminel FBI yo pa kòrèk, li ka konteste konsènan si enfòmasyon yo egzat oswa konplè. Esponsò a oswa moun granmoun nan fwaye a ka kontakte ajans ki te kontribye nan enfòmasyon esponsò a kwè pa kòrèk yo. Lòt detay sou fason pou jwenn yon chanjman, koreksyon oswa mizajou nan yon dosye idantifikasyon FBI endike nan Kòd Règleman Federal Etazini nan 28 CFR § 16.34.

LWA 1995 POU DIMINYE DOKIMAN (Piblikasyon. L. 104-13) Yo kalkile apeprè fado rapò pou piblik la pou kòlèk enfòmasyon sa yo se an mwaye 1.25 èdtan pa repons, sa gen ladan tan pou egzamine esplikasyon yo, rasanble ak jere done ki nesèsè yo, epi revize kòlèk enfòmasyon yo. Yon ajans pa ka fè ni patwone, epi yon moun pa oblije reponn a yon kòlèk enfòmasyon sòf si li gen yon nimewo kontwòl OMB ki valab nan moman an. Tanpri gade avi sou konfidansyalite / deklarasyon Lwa sou pwoteksyon enfòmasyon prive ki akonpaye a pou jwenn yon diskisyon sou (1) otorite pou demann enfòmasyon an, epi si divilgasyon an obligatwa oswa volontè, (2) rezon prensipal pou itilizasyon enfòmasyon an, (3) lòt itilizasyon woutin ki ka fèt ak enfòmasyon yo, epi (4) si genyen, efè lè ou pa bay tout oswa yon pati nan enfòmasyon yo mande yo. Si ou gen nenpòt kòmantè sou kòlèk enfòmasyon sa yo, tanpri kontakte [UCPolicy@acf.hhs.gov](mailto:UCPolicy@acf.hhs.gov).